ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЫГАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№197-198 (22.606) ● 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10, махуэку ●Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ●И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Жыгхэр хэсэным зэрыхэтам папщIэ фIыщIэ къыхуащI

КъБР-м и Iэтащхьэм къыIэрыхьащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Карпов Анатолий къыбгъдэкI тхыгъэ. ШахматымкIэ нэхъ куэдкIэ дуней псом и чемпион щыгъуэ, щIыуэпсыр зыхуэI хуэгъэзэным теухуа урысейпсо экологие щэбэт гъэкIыгъэр егъэкIуэкIынымкIэ жэрдэмщIакIуэм Къанокъуэ Арсен фIыщIэ къыхунщIащ 2013 гъэм шыщхьэуIуэм и 1-м щэбэт щIыхьэхур къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ я лъэныкъуэкIэ дэIепыкъуэгъу зэрыхъуэм папщIэ.

ТХЫГЪЭМ итщ: «Сэ пщIэшхуэ хузощI Уэри фи щIыналъэм нс псоми щIыуэпсыр хъумэным жэуаплыныгъэ нэс фхэпъу фызэрыбгъэдыхьам папщIэ».

Щэбэт лэжьыгъэр Урысейм и щIыналъэу 72-м щекIуэкIащ, Щ1ыуэпсыр хъумэным и итъэсым теухуа лэжьыгъэхэр хнубэдзу. Абы жьыдэжру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэлэ-хэмрэ, Къэрэшей-Щэрджэсым, Щ1ыуэпсыр-мэ, щэбэт лэжьыгъэм Май районым щыщу къекIуэлIа щIыху миниттым нэблагъэм гъуэгуэр, абыхэм къедза щIыпIэхэр, псы Iуфэхэр, гъуэгу напщIэхэр, жылагъуэхэм я дыхьэпIэхэмрэ дэкIыпIэхэмрэ ягъэкъэбзащ. Iуащхьэмахуэ районым и щIыхуэм ящыщу щэбэт щIыхьэхуэм къекIуэлIа щIыху 1500-м щIигъу. Налшык къалэм и зыгъэпсэхупIэхэр, псы Iуфэхэр гъэкъэбзэным елэжьащ къэрал, муниципальнэ кIуалыкъуцIэхэр.

Къэрэлъэгъуапхъэщ «ЩIхьуантIагъэмкIэ хъумакIуэхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгуэхьныгъэм щIыуэпсыр хъумэныкIэ иригъэкIуэкI экологие рейтингым нэхъ иткIэ, УФ-м и субъектхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ увыпIэр зэринубыдар.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Япэ итхэр

Дохутыр нэхъыфIхэр

КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм, хабзэ дахэ хъуауэ, «Илъэсым и дохутыр нэхъыфI» зэхъэзэхуэр ирегъэкIуэкI. Мы гъэм зэпеуэр унэтIынымгъэмкIэ зэхэтащ. Дохутыр 41-м я зэфIэкIым абы щыхэплъащ.

ТЕКIУАХЭМ щIыхь тхылъхэмрэ «Эсчалап» жэз статуэткэхэмрэ щратыжащ Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм. Iуэхур къызэрагъэпэщат Дохутырым и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу.

- Псом япэу, фи махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу, - жиIащ КъБР-м узынщагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министр **Шэт Ирмэ**. - «Илъэсым и дохутыр нэхъыфI» зэхъэзэхуэр зыхуэдгъэпсар зи лэжьыгъэм хуэIэкIуэльакIуэхэр къэгъэнэIуэныгъ. Апхуэдизыр кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжащ ахэр нэхъ гъунэгъуу цIыхухэм едгъэцIыхунырэ, а IэнатIэм и пщIэр хэтIэтыныр. СызэригугъэмкIэ, ди гъащIэм хуэсакъ, кIэлъыплъ, ди узынщагъэр езыгъэфIакIуэ дохутырхэм апхуэдизу гулъытэ щIэхь-щIэхьуэр яхуэтщIын хуейщ. Дизщ дэ Iэщ1агъэлI куэд, ауэ, зэпеуэ щIыхьукIэ, нэхъыфIхэр къэдгъэлъэгъуащ.

(КIуэхыр 2-нэ нап.)

● Бюджетхэр

Проценти 9,7-кIэ щIегъу

Мы гъэм и щIышылэ-бадзэуэгъуэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет лIэужьыныгъуэ псоми налогри нэгъуэщIу кьыхахьу som меларди 5-рэ мелуан 724,7-рэ зэхущIагъэуIуащ. Ахэр нэгъабэ и апхуэдизу лъэхъэнэм яIа хэхъуэхэм проценти 9,7-кIэ щIегъу.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствам финанс Iуэхуэхэмкlэ и къудамэм зэрыщыжаIамкIэ, кьаIэрыхьа хэхъуэхэм щыщу som мелуан 713,3-р федеральнэ бюджетым халъхьащ. Ар гъэ кIуам и апхуэдизу зэманым елъытауэ хуэди 3,4-кIэ нэхъыбащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет зэхэтым и налог хэхъуэхэр щыщыIэ-бадзэуэгъуэ маазэхэм som мелларди 5-рэ мелуан 11,2-м нэсащ.

КЪЭРЭЩIЕЙ Элеонорэ.

Шэрэдж районым гулъытэ щхьэхуэ щегъуэт Iэщ гъэхъуным.

МЫ щIыпIэм щагъэлажьэ «Iэщ гъэхъуным пэрыхьагъащIэхэр», «Уней Iэщ фермэ» къэрал проектхэр. Сыт хуэдэ зэманми фейдэнщэ яныхьу Iуэхум зезытхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Кьапщтэмэ, Iэщ гъэхъуным зегъэужьын и лъэныкъуэкIэ гъэ кIуам грантхэр кьаIащ районым щыщ щыхуэ 28-м.

Мы зэманым гъэмахуэ хъупIэхэм Шэрэдж куейм и Iэщышхуэу мини 2-м нэблагъэ, мэлу мин 55-м нэс, щыуэ 1200-рэ щаIыгъщ. Абыхэм яKIэлъэпль Iэщышхуэу 134-рэ. ХъупIэхэм фермэу 17 щолажьэ. Хъун бэгъуам хуиту хэт Iэщхэм я хьэлъагъым хагъэхъуащ, жэмхэри гъэшIыпIэщ. Мекъумэш предприятэхэми, уней хозяйствэхэми я Iэщыгъуэ мы щIыпIэхэм бжьыхьэ кIасэ хъуху щIынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● АПК

Iэщыхъуэхэр бэлэрыгъыркъым

Нартыху гъэкIынир унэтIынигъэ нэхъыщхьэ зыхуэхьуа предприятэхэм ящыщщ «Константиновское» СХПI-р. 2012 гъэм Кавказ Ищхъэрэ псом зи лэжьыгъэр кьыщапщыта мэкъумэш IэнатIэ 200-м я деж абы ещанэ увыпIэр щиубыдащ.

ИДЖЫРЕЙ Iуэху бгъэдыхьэкIащIэхэр убгъуауэ кьэзыгъэсэбэп Iуэхущ1апIэм нобэ нартыху хэпльыхьауэ гектар 1840-р иIащ. Агротехникэ и лъэныкъуэкIэ зыхуей псори зыгъуэта гъавэм, жэщ-махуэ ямыIэу гъэ псом лэжьа мэкъумэшыщIэхэр мы щIыпIэм нэхъапэм кьыщымыхьуа бэвагъкIэ щогугъэр. ИкIи ар льабжьэншэкъым. Кьапщтэмэ, иужьрей илъэситIым мы щIыпIэм зы гектарым хуэзэу центнер 70 - 80 кьытрахащ. Ар ипэ ита илъэсхэм нэхърэ хуэдиткIэ нэхъыбэщ. Предприятэм мы зэманым иIэ екъулIэныгъэхэм кьежьапIэ яхуэмыхьуу кьэнакьым мэкъумэш техникэрэ зыхуей-зыхуэфIэхэмкIэ дэгъуэу кьыззэрыгъэзгъэпэщар.

Нартыху Iухьыжьгъуэр кьэблагъэ. ПIащIэм фIэмыкIыну икIи кIэрыхуэншэу хэгъуэр кьрахьэлIэнуц «Ла-варда» итальян трактор щIэрыпсхэмкIэ.

Нартыху гъэкIыным кьыдэкIуэу, льэ быдэкIэ ува хозяйствэм пхъэщхьэмыщIхэ жыгыу 300-м нэс иIэщ. Итальян технологием тету мыбы къыщIагъэсэбэп ящIыкI псыщIэгъэльэдэкIэ Iэмалыр.

Псом ящхьэращи, дунейпсо мардэхэм кьитIасэ льабжьэ бдзэ зыгъэтIыпльа мэкъумэш предприятэм и зэфIэкIхэм хигъахьуэ зэпытщ икIи Кременчуг-Константиновскэ жылагъуэм нэрыльагъуу псэуныгъэм щIеужь.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Гъавэ бэвкIэ мэгугъэ

Нартыху гъэкIынир унэтIынигъэ нэхъыщхьэ зыхуэхьуа предприятэхэм ящыщщ «Константиновское» СХПI-р. 2012 гъэм Кавказ Ищхъэрэ псом зи лэжьыгъэр кьыщапщыта мэкъумэш IэнатIэ 200-м я деж абы ещанэ увыпIэр щиубыдащ.

ИДЖЫРЕЙ Iуэху бгъэдыхьэкIащIэхэр убгъуауэ кьэзыгъэсэбэп Iуэхущ1апIэм нобэ нартыху хэпльыхьауэ гектар 1840-р иIащ. Агротехникэ и лъэныкъуэкIэ зыхуей псори зыгъуэта гъавэм, жэщ-махуэ ямыIэу гъэ псом лэжьа мэкъумэшыщIэхэр мы щIыпIэм нэхъапэм кьыщымыхьуа бэвагъкIэ щогугъэр. ИкIи ар льабжьэншэкъым. Кьапщтэмэ, иужьрей илъэситIым мы щIыпIэм зы гектарым хуэзэу центнер 70 - 80 кьытрахащ. Ар ипэ ита илъэсхэм нэхърэ хуэдиткIэ нэхъыбэщ. Предприятэм мы зэманым иIэ екъулIэныгъэхэм кьежьапIэ яхуэмыхьуу кьэнакьым мэкъумэш техникэрэ зыхуей-зыхуэфIэхэмкIэ дэгъуэу кьыззэрыгъэзгъэпэщар.

Нартыху Iухьыжьгъуэр кьэблагъэ. ПIащIэм фIэмыкIыну икIи кIэрыхуэншэу хэгъуэр кьрахьэлIэнуц «Лаварда» итальян трактор щIэрыпсхэмкIэ.

Нартыху гъэкIыным кьыдэкIуэу, льэ быдэкIэ ува хозяйствэм пхъэщхьэмыщIхэ жыгыу 300-м нэс иIэщ. Итальян технологием тету мыбы къыщIагъэсэбэп ящIыкI псыщIэгъэльэдэкIэ Iэмалыр.

Псом ящхьэращи, дунейпсо мардэхэм кьитIасэ льабжьэ бдзэ зыгъэтIыпльа мэкъумэш предприятэм и зэфIэкIхэм хигъахьуэ зэпытщ икIи Кременчуг-Константиновскэ жылагъуэм нэрыльагъуу псэуныгъэм щIеужь.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Дамыгъэ дахэхэр икIи гъэщIэрэщIахэр

● Пощт

2014 гъэм Сочэ щекIуэкIыну XXII Щ1ыныкъуэ Олимп Джэгухэм ятеухуа пощт дамыгъэхэр щэн щIадзащ.

ПОЩТ маркэхэм кьощ Олимпиадэм и теплъэхэр. Абыхэм яхэтщ Урысей Федерацэм и картэр, Эстафетэм и мафIэм, Москва Кремлымрэ Сочэ и Тенджыз вокзалымрэ я дамыгъэхэр.

Сочэ и Олимп мафIэр яIыгъу зэпачыну гуэугуэнэр щIымахуэ джэгуэхэм я тхыдэм щынэхъ кIыхьымкIэ. 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м зытехьа а гуэугуанэр Олимпиадэр кьыщызэIуахыну 2014 гъэм мазаем и 7-м иухынущ. Махуи 123-м къриубыдэу мафIэр зыыгъ спортсменхэм автомобилхэмкIэ, кьхьухльатэхэмкIэ, апхуэдэу щиц зыщIа урыс Iэкьхэхэмрэ щыхь Iэжьхэхэмрэ ярысу километр мин 65-м щигъу зэпачынущ. Абы псори зэхэту епльынущ къэралым и жылэ 2900-м щыпсэу кIыхьы мелуани 130-рэ. МафIэр кьыщрахэжьынущ УФ-м и щIыналъэ 83-мк.

Олимп мафIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэсынущ 2014 гъэм щIышылэм и кIэм икIи а Iуэхугъэзыщхьэм ирихьэлIэу филателие продукцэм дамыгъэхэр трагъэуэнущ. Олимп мафIэр кьыщрагъэ-Iуэхуэм гъэм щIышылэм и 31-м Зэгурыгъэныгъэм и Утым маркэхэмрэ конвертхэмрэ пощт штемпель хэха щытрагъэуэнущ. 2014 гъэм мазаем и 1-м Азау тафэм аргуэру апхуэдэ Iуэху щрагъэжьIуэкIынущ, мафIэр Европэм и нэхъ льагэ дыдэ бгым кьызэрырахьэхьжьым и саулыкъуклэ. Конвертхэм, маркэхэм, открыткэхэм трагъэуэнущ Iуащхьэмахуэ и теплъэр кьызэрыщ пощт штемпель хэха, ар щытрагъэуа зэманри кьыщыгъэлъэгъуауэ. Абы кьыхэкIыу ахэр увынущ дуней псом зихуэдэ щIымIэ дамыгъэхэу.

Мы Iуэхум егъэщIылIа псори филателистхэм я мызакъуэу, республикэм и цIыху псоми я дежкIэ гукъинэжу щытынущ.

Олимп мафIэм и теплъэр зэрыт пощт маркэхэр Налшык кьалэм Кулиевым и проспектым тет 17-нэ унэм хэт пощт Iуэхущ1апIэм кьыщыпщэху хьунущ.

ЦЕКЪУ ПIатI.

● Налшык

Налшык кьалэ администрацэм и къубгъэгъащIэ Iэнатlэм щыгъуаз дыдэрэ щIамкIэ, кьат куэду зэтет фэтэр унэхэм я бжэIупэхэр зыхуей хуагъаз.

НЭРЫЛЪАГЪУУ бжэIупэхэмрэ пщIантIэхэмрэ ремонт лэжьыгъэхэр илъэс куэд хьуауэ щрамыгъэкIуэкIахэр яхэтт. Апхуэдизу гъунэжт фаджжальджэ хьуа сабий джэгуIэхэри. Ипэ ита илъэсхэм мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр хьэрычэтыщIэхэм я мыпхуэдизкIэ кьрахьэлIэу щытамэ, мы гъэм ар щIыпIэ бюджетым кьыхагъэкIащ.

2013 гъэр кьызэрихьэрэ ужрикIуэхэм сом мелуан 22-рэ и уасэ лэжьыгъэ кьрахьэлащ. Кьапщтэмэ, ремонт хьарзынэ щрагъэкIуэкIащ 2-нэ Тамань дивизэм, Кировым, Кьызэхуэным, Лермонтовым, Байсултановым, Мэлбахьуэм, Ашуровым, ПащIэм я цIэхэр зезыхьэ, Къэбэрдей уэрамхэм.

Мы зэманым ирихьэлIэу кьат куэду зэтет унэ 55-м я бжэIупэхэр зыхуей хуагъэзащ; асфальтыр щIэкIэ яхуэзжащ, фэншэ хьуа бетон кьэрухьэр зэрахъэкIащ, щIыпIэ щхьэхуэхэм иджыдрей плиткэхэр кьыщагъэсэбэпащ.

Зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэхэр щIымахуэ дытехьэху ирагъэкIуэкIынущ.

УхуакIуэхэр зыхуеину техникэхэмкIи IэмэпсымэхэмкIи тэмэму кьызэгъэпэщащ. Зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIэхэм кьрахьэлIа лэжьыгъэфIым кьалэдэсхэр арэзы тохьэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Iуэлъхьэ зэрыщэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэраласкIыным я кIэжьыну зэрызагъэхьэзыным теухуа хъыбархэм фыщыгъэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.



Дунеймрэ щIыхъыбархэр

Мыхьэнэ льэпкъ зимыIэ

Къэрал Думэм дыгъуасэ кьыщыпсэльащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Ливанов Дмитрий.

«Урысей зэкъуэтэ партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт депутат Бурматов Владимир а къэпсэлъэныгъэр «мыхьэнэ льэпкъ зимыIэу» кьилъыIащ. Абы жиIащ министрым зы упщIэми жэуап пыуыкIа къримытыфауэ, ахэр Ливановыр Къэрал Думэм кьрагъэблагъэным и пэ кьихуэу фракцэхэм хуагъэхьауэ щыта пэтми.

- Къэрал Думэм и депутатхэм я пащхьэм министрым щища отчетыр кунэфт. Уи унафэм щIэтхэм я лэжьыгъэм апхуэдизу утепсэльых хъунукъым. «Дыхьэущ-дыщIащ, дяпэкIэ ди лэжьыгъэр нэхъри едгъэфIэкIуэнущ», жыпIэкIэ зэфIэкIыркъым. Министрым я гугъу ищIакъым мыгъэрей ЕГЭ-р щекIуэкIым кьэхьуа мыхьэмыщIагъэхэм щхьэкIэ кьэнашэу кьаIыхьатхэм, студентхэм щIэныгъэ куу щрамыт еджапIэ нэхъыщхьэхэр зэхуэщIыжыным теухуауэ нэхьапэм кьыхалъхьауэ щытахэм, езыхэм ямытха диссертацэхэмкIэ щIэныгъэхэм я доктор хьуахэр жэуапым ешэлIэным. НэгъуэщI зи чэзу Iуэху куэди щызэпкърихакъым министрым и докладым, - жиIащ Бурматовым. - А псом сызригъэгупсысаращи, министерствэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щегъэжьэкIын хуейщ. Ауэ Ливановым и кьэпсэлъэныгъэм тещIыхьмэ, абы апхуэдэ Iуэху щызэрахуэу кьыщIэкIынукъым.

Щы хьурейм адрей и льэныкъуэм щыпсэухэмэ я бэшэчагъэр кьепщытэ щыIуэпсым - США-м щыщ Дакотэ Ипшэ, Небраскэ, Айовэ, Колорадэ штатхэм уэсышхуэ кьыщесащ, иджы хуэдэхэм щымыхабзэххэу. Метеорологхэм зэрыжаIэмкIэ, язныкъуэ щIыпIэхэм уэсым и кууагъыр сантиметри 120-м щынос.

Уэсышхуэм и зэранкIэ цIыху мин 20-м щIигъу уэздгъэнэщу кьэнащ, Iэщ зыгъэхъу хьэрычэтыщIэхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ, я хъущхэхэр губгъуэм кьинэри.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 10, *махуэку*

●Илэжьа щIэпхьаджагъэм щхьэкIэ цIыхур укIыныр тезыру трамыпльхьэным и дуней псо махуэщ

●Психикэ узышIагъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ

●КъБР-м и щIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхан** къызэралъхурэ илъэсиц 103-кIэ ирокIу.

●Франджы балеринэ щIэрыIуэ **Черинэ (Щэмырзэ) Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокIу.

●ТхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокIу.

●КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Кашиф** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

●КъБР-м и цIыхубэ артист **Куэт Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокIу.

●КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Дзбагъуэ Мухэмэд** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокIу.

●Уэрэдус, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокIу.

●ТхакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шорэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокIу.

Дунейм и щIыхькIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытхымкIэ, Налшык узэфIу щыщIытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 9 – 12 щыхьэнущ.

Жэпуэгъуэм и 11, *мэрем*

●Хьыджэбз цIыкIуэм я дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м кIыщта унафэмкIэ ягъэуващ.

●Урысей мотоспортыр къыщIэхьуакIуэ махуэщ

●Жэпуэгъуэм и 11 – 13-хэм Вашингтон (США) щызэхэтынущ Дунейпсо банкымрэ Дунейпсо валютэ фондымрэ я унафэщIэхэм я бжьыкъэ сессиер.

● Жэпуэгъуэм и 11 – 13-хэм Москва щекIуэкIынущ щIэныгъэм и VIII фестивальр.

● 1941 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ республикэм и усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэр зэрыт «Iэщ1р кьафщтэ!» тхылъыр.

Дунейм и щIыхькIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытхымкIэ, Налшык пщэрэ техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм зэрыт 14 - 15, жэщым градуси 8 - 11 щыхьэнущ.

Мыхьэхьэмрэр **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариэтэ.**

Псыдзэрэ уэсышхуэрэ

Китайм и къуэкIыпIэ льэныкъуэм щыIэ Чжэцзян щIыналъэм и кьалэ 11-м хэщIыныгъэшхуэ кьритащ кьащIэуа псыдзэм.

Хы Щэхум кьикIа толькъун абрагъуэхэм унэ куэд дыдэ зэтракъутащ, гъэзэгъэр яльэсащ, кьуажжэхэр уэздыгъэншэу кьагъэнащ. А псомэ уадэжьуэтэнт, цIыхущхьэ яхэмыщIамэ. ЗэкIэ кьызэрэтамкIэ, дуней кьэхъуакьащ1э шынагъэуэ зэкIуэдащ цIыхуих, цIыхуиплI ягъуэтыжькъым.

Щы хьурейм адрей и льэныкъуэм щыпсэухэмэ я бэшэчагъэр кьепщытэ щIыуэпсым - США-м щыщ Дакотэ Ипшэ, Небраскэ, Айовэ, Колорадэ штатхэм уэсышхуэ кьыщесащ, иджы хуэдэхэм щымыхабзэххэу. Метеорологхэм зэрыжаIэмкIэ, язныкъуэ щIыпIэхэм уэсым и кууагъыр сантиметри 120-м щынос.

Уэсышхуэм и зэранкIэ цIыху мин 20-м щIигъу уэздгъэнэщу кьэнащ, Iэщ зыгъэхъу хьэрычэтыщIэхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ, я хъущхэхэр губгъуэм кьинэри.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 10, *махуэку*

●Илэжьа щIэпхьаджагъэм щхьэкIэ цIыхур укIыныр тезыру трамыпльхьэным и дуней псо махуэщ

●Психикэ узышIагъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ

●КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхан** къызэралъхурэ илъэсиц 103-кIэ ирокIу.

●Франджы балеринэ щIэрыIуэ **Черинэ (Щэмырзэ) Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокIу.

●ТхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокIу.

●КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Кашиф** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

●КъБР-м и цIыхубэ артист **Куэт Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокIу.

●КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Дзбагъуэ Мухэмэд** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокIу.

●Уэрэдус, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокIу.

●ТхакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шорэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокIу.

Дунейм и щIыхькIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытхымкIэ, Налшык узэфIу щыщIытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 9 – 12 щыхьэнущ.

Жэпуэгъуэм и 11, *мэрем*

●Хьыджэбз цIыкIуэм я дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м кIыщта унафэмкIэ ягъэуващ.

●Урысей мотоспортыр къыщIэхьуакIуэ махуэщ

●Жэпуэгъуэм и 11 – 13-хэм Вашингтон (США) щызэхэтынущ Дунейпсо банкымрэ Дунейпсо валютэ фондымрэ я унафэщIэхэм я бжьыкъэ сессиер.

● Жэпуэгъуэм и 11 – 13-хэм Москва щекIуэкIынущ щIэныгъэм и VIII фестивальр.

● 1941 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ республикэм и усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэр зэрыт «Iэщ1р кьафщтэ!» тхылъыр.

Дунейм и щIыхькIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытхымкIэ, Налшык пщэрэ техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм зэрыт 14 - 15, жэщым градуси 8 - 11 щыхьэнущ.

Мыхьэхьэмрэр **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариэтэ.**

Лъэпкъ IуэщIагъэ:

Гуэным имылъмэ, Iэнэми телъкъым.

Iуэхуэ зэрыщIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэраласкIыным я кIэжьыну зэрызагъэхьэзыным теухуа хъыбархэм фыщыгъэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Къалэр йофIакIуэ

Налшык къалэ администрацэм и къубгъэгъащIэ Iэнатlэм щыгъуаз дыдэрэ щIамкIэ, кьат куэду зэтет фэтэр унэхэм я бжэIупэхэр зыхуей хуагъаз.

НЭРЫЛЪАГЪУУ бжэIупэхэмрэ пщIантIэхэмрэ ремонт лэжьыгъэхэр илъэс куэд хьуауэ щрамыгъэкIуэкIахэр яхэтт. Апхуэдизу гъунэжт фаджжальджэ хьуа сабий джэгуIэхэри. Ипэ ита илъэсхэм мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр хьэрычэтыщIэхэм я мыпхуэдизкIэ кьрахьэлIэу щытамэ, мы гъэм ар щIыпIэ бюджетым кьыхагъэкIащ.

2013 гъэр кьызэрихьэрэ ужрикIуэхэм сом мелуан 22-рэ и уасэ лэжьыгъэ кьрахьэлащ. Кьапщтэмэ, ремонт хьарзынэ щрагъэкIуэкIащ 2-нэ Тамань дивизэм, Кировым, Кьызэхуэным, Лермонтовым, Байсултановым, Мэлбахьуэм, Ашуровым, ПащIэм я цIэхэр зезыхьэ, Къэбэрдей уэрамхэм.

Мы зэманым ирихьэлIэу кьат куэду зэтет унэ 55-м я бжэIупэхэр зыхуей хуагъэзащ; асфальтыр щIэкIэ яхуэзжащ, фэншэ хьуа бетон кьэрухьэр зэрахъэкIащ, щIыпIэ щхьэхуэхэм иджыдрей плиткэхэр кьыщагъэсэбэпащ.

Зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэхэр щIымахуэ дытехьэху ирагъэкIуэкIынущ.

УхуакIуэхэр зыхуеину техникэхэмкIи IэмэпсымэхэмкIи тэмэму кьызэгъэпэщащ. Зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIэхэм кьрахьэлIа лэжьыгъэфIым кьалэдэсхэр арэзы тохьэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Дунеймрэ щIыхъыбархэр

Шынагъуэншагъэр яп1э ирагъэщ

АБХЪАЗ. *Президент Анкваб Александрэ Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкlэ и советым и секретарым и къуэдз Нургалиев Рашидрэ лэжьыгъэ Iуэхуэкlэ зэхуэтащ.*

АХЭР Абхъазымрэ Урысейм и шынагъуэншагъэм щызэдэлэжьэным тепсэльыхьащ. Кьапщтэмэ, Абхъазымрэ Куржыморэ я гъунапкъэр хъумэным. Анкваб Александрэ Нургалиев Рашидрэ къэралитIым я кьарузэхъэ Iэнатlэхэр зэрызэдэлажьэм гулъытэ хуащIащ.

Сом мелуан 35-рэ хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Мэзкуу щыIущIащ «Русгидро» ОАО-м и правлениэм и унафэщI Дод Евгений. Абы къриубыдащ КъШР-м и Щ1ыхьэ зэхуэсым и тхьэмадэ Иванов Александр.*

ЛЪЭНЫКЪУЭХЭР тепсэльыхьащ «Русгидро» компанием и инвестицIэ проектхэр республикэм зэрыщыпхагъэхIым. Псом яп1у кьыгъэувыжащ зиIэ Зелянчук ГЭС-ГАЭС энергетикэ уахуэнигъэр зэрекIуэкIым. Темрезовым кьызэрыхигъэщамкIэ, энергетикэм щIыналъэм зыщегъэужьыным Къэрэшей-Щэрджэсым и экономикэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи, а уахуэнигъэ проектыр пхагъэкIмэ, абы пыщIа гугъуехьхэм я зэгъэпэщынымрэ я кIэм нагъэсыну Iэмал ягъуэткъым.

НОБЭКIЭ республикэм гектар мин 95-м щыщу бжьыхьэсэр гектар 991-м щытрасауэ араш. Сэхураныр гектар мин 20-м нэблагъэм, гектаркъэ мин 22-м щигъэм щызэщIакIуэжакъым, и кIэм нагъэсахэм ящыщIу соемрэ прунжымрэ. КьищынэмыщIауэ, хьэр тесэным яужь ихьэххакъым, ар фокIадэм и 20-м зэфIагъэкIыну я мурадкъым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ЩIыхуэм щIигъэнахэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Мылькушэу къэнэным нэсауэ КъБР-м и коммуналнэ IэнатIэм хэт IуэхущIапIэхэр 6 мэхъу. Ахэр Налшык къалэм и «ТЭК», Iущыхэмэхуэ лъапэ щыIэ «МУП ЖКХ», «Тэрчхуабзсервис МУП», «Iуащхьэмахуэ компание», «ХуабжкIэ кIыхьэзыгъэпэщ Дзэлыкъуэ компание», «Райкоммунсервис» IуэхущIапIэхэрщ. Псори зэхэту абыхэм ятелъ щIыхуэр сом мелард 1,3-м щIигъащ. Хуабэ-энергетикэ комплексым хиубыдэ IуэхущIапIэхэм къагъэсэбэп газым и уаэсэр зэратыну щыкIэм теухуауэ КъБР-м и Правительствам и Iуащхьэмахуэ компание щIигъэнахэр зэрагъэзэщIар процент 58-м щIимыгъэкIэщ.

КъБР-м газыр къыщызыгъэсэбэпхэм яшыщу абонент 5300-м нобэм ирихьэлIэу дэтхэнэми щIыхуэм сом минитI 100-м щIигъу ятельэ. Унагъуэхэм дызэрыт илъэсым и щIыщылэ-щыщхьэуIу мазэхэм къагъэсэбэпэ газым и уаэсэм щыщу ятар процент 51,8-рщ. Апхуэдэу щыт пэмиI, Ковалев Виталий зэрыжиIамкIэ, коммуналнэ комплексым хиубыдэ организацэхэм я гъэкIуэнэм щIыхуэхэм я псэукIэр зэрелытам къыхэкIыу, зэкIэ абыхэм газыр паубыдакъым, а гъэсынпхъэм щыщу яIэрыхьэри ягъэмэщIакъым.

ЗэIущIэм къыщIэтащ газыр къагъэсэбэпыным и лъэныкъуэкIэ щыIэ нэгъэщI зы хабзэншагъэ. Ар газ зрикIуэ бжьамийхэм а гъэсынпхъэм гъэпщкIуауэ къыхэзрыхаушырыц, нэгъэуцIу жыпIэмэ, къыэрадыгъурщ икIи газкIэ республикэр къыхэзыгъэпэщ IуэхущIапIэм хэщIыныгъэшхуэ зэрыратырщ. Дызэрыт илъэсым и щIышылэ-щыщхьэуIу мазэхэм апхуэдэу ядыгъуащ газ кубометр мелуани 142,5-м щIигъу (республикэм къыIэрыхьэ газым и процент 17-р). Абы и уаэрсом мелуан 570-рэ мэхъу. Къэгъэлъэгъуапхъэщ КъБР-м къыIэрыхьэ газым и куэдагъымрэ фIагъымрэ, абы хэкIуэдыкIыр зыхуэдизым ГазпромтIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэх-щIэхыурэ зэрыщытепсэлъыхьыр. Ауэ абы щхьэкIэ зыми зихьэужыркъым. Газыр зрикIуэ бжьамий нэхъыщхьэхэм ар къэзыпщстащ зыбжанэр тращIыхьамэ, мы ныкъуасныгъэхэр къыщIэхъуэм нэхъ тэмэму кIэльыплъыфынут. Ауэ зэкIэ апхуэдэ Iэмал щыIэкъым. Абы къыхэкIыу «Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м кынгъэсэбэпыр «Газпром трансгаз Ставрополь» ООО-м кыбгъэдэкI бжьагъэхэрщ.

Парламентым и Унафэщ **Чеченов Аиуар** къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ Iуэхур хэплъэгъуэ зэрыщытыр, щIыхуэм тэмэму зэрадэмылажьэр, абыхэм хэущIы Iуэхутхьбэзэкр зэрырамыгъэфIакIуэр, газ уаэсэр къыхэхыними зэремыгугъур.

- Иджыпсту хуэдэу газ уаэсэр тIыныкIэ Iуэхур зэи зэкIэлъымыкIуэу щытакъым. Газым и уаэсэр и эманым зытхэр зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ нэхъ унагъуэ хуэмыщIахэмрэщ. И чэзу хъущ газымкIэ щIыхуэщхуэ зытелъхэм я унэцIэхэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм хэIущIыIу щащIу щIадзэну, - жиIащ Чеченов Аиуар.

Абы и жэуапу Ковалев Виталий къигъэлъэгъуащ мы лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIын IэнатIэ щхьэхуэ КъБР-м щылажьэ къудамэм къыэрыщIэIуахар. Зы мазэ иримыхьэм къарифыдзу мы Iуэхущ IапIэм щIыхуэхэм папщIэ щагъэува телефонымкIэ хьыбар зэмылIэужьыгъуэу мини 5-м щIигъу къаIэрыхьащ. Апхуэдэу мы телефонымкIэ къэпсалъэу щIыхуэм ятелъ ахъшэр зыхуэдизыр зрагъэщIэфынущ, газ къыэрапщ Iэмэпсымэм къридза бжьыгэр къат хьунущ. Абы кьыдэкIуэу Налшык къалэм Куличевым и уэрамым тет унэ №2 «б»-м къыщызэIуахащ щIыхуэхэм Iуэхутхьбэзэ щыхуащIэ центр. Абы щIахьэ дэтхэнэ зыми тельэ ахъшэр зыхуэдизыр зригъэщIэфынущ икIи ар щит хьунущ. Апхуэдэу а центрым щагъэуващ езыз абонентым ахъшэ зриIъхьэ терминал. Абы кьыдэкIыу «Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м кынгъэсэбэпыр «Газпром трансгаз Ставрополь» ООО-м кыбгъэдэкI бжьагъэхэрщ.

Парламентым и Унафэщ **Чеченов Аиуар** къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ Iуэхур хэплъэгъуэ зэрыщытыр, щIыхуэхэм тэмэму зэрадэмылажьэр, абыхэм хэущIы Iуэхутхьбэзэкр зэрырамыгъэфIакIуэр, газ уаэсэр къыхэхыними зэремыгугъур.

- Иджыпсту хуэдэу газ уаэсэр тIыныкIэ Iуэхур зэи зэкIэлъым

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

ХощI зэпыт

• ПсэукIэ

Къэрал Думэм Iэрыхьащ 2014 - 2016 гъэхэм тещIыхьа федеральнэ бюджетым и проектыр. Килограмм 15 зи хьIлагъ а тхылым депутатхэм щIэныжа хуейщ жэпуэгъуэм и 25 пIщIондэ - япэ еджэгъуэр щекIуэкIынур а махуэрщ. Дауи, проектым папщIэ куэд зэрэуэнущ, арщхьэкIэ абы щыгъуэми Бахьыгъэхэр проценти 5-кIэ зэрагъэмэщIэнум щэч хэлъкьым. «Дэ бюджетыр Iэнатlэхэм зэрытхуэзфIэкIыну тедгуэшащ», - жIащ УФ-м финансхэмкIэ и министр Силуанов Антон. Ар гурыIуэгъуэщ, ауэ мыр хьалэмэтщ: кьулыкьущIэхэм ахьшэр зэрытрагуэшар зэхуэдэуэкьым. Псальэм и хьэтыркIэ, ильэсыщIэм егъэджэныгъэ Iэнатlэм трагъэкIуэдэнур процент 13-кIэ нэхь мэщIэнущ, ауэ абы щыгъуэми Бахьыгъэмэкlэ министерствэм процент 19 хуэдиз хущIагъунущ.

ПРОЕКТЫР Парламентым и ищIагъ палатэм щрагъэхьыж Путин Владимир ильэIуащ президент хэхьыныгъэхэм япэ кьыхуэу цыхуэхэр кьыззэригъэгугъахэм емыIуэсэну. Абы кьигъэуващ псэныгъэм егъэщIылIа кьаблэнхэр игъэззэщIэну. Пэжу, Финансхэмкlэ министерствэр зэкlэ ящыгъкьащ пенсионерхэмрэ нэгъуэщI цыхуэ хуэмыщIахэмрэ. Щхьэтечу жыпIэмэ, кьэкIуэну ильэсым пенсэхэр тIэунейрэ кьаIэтынущ: мазаем и 1-мрэ мэлыжьыхьым и 1-мрэ - псори зэхэту процентI 8-кIэ. Апхуэдэу псэныгъэ пособие лIэужьыгъуэ псоми процентI 10-кIэ хагъэхъуэнущ. АрщхьэкIэ дэ ауэ сытми кьэтхьакьым «зэкIэ» псальэр. Иужькlэ а пенсионерхэри льготэ зиIэ нэгъуэщIхэри ехьулIэнукьым. Псальэм и хьэтыркIэ, Финансхэмкlэ министерствэм кьыхельхьэ цIыхубзхэри пенсэ щагъакIуэ ныжьыщ цIыхуэхуэм яйм хуэдизу (ильэс 60) кьаIэтыну, апхуэдэу ЖКХ-мкIэ нрат льготэхэр ягъэмэщIну.

Къэрал Думэм яхьа проектым куэд тепсэлъыхьыркьым. Псом хуэмыдэу щIыззэгурымIуэр лъэныкьуэхэм езыхэм я щIыналъэхэм кьегъэщIылIа гъэкIэ ящIыгъуэм и щIымытыныр, и экономикэр зэщIэгъэгъэныр кьыззэзыгъэпэщ кьарууэ. Ауэ Испанием кьелыытэ Гибралтарыр ильэс 300 ыхьуэ пщылIэм и ягу. Ищхьэ ильэс 60 кьаIэтыну, апхуэдэу ЖКХ-мкIэ нрат льготэхэр ягъэмэщIну.

Къэрал Думэм яхьа проектым куэд тепсэлъыхьыр- щхьэусыгъуэ щыIэщ. Псом хуэмыдэу щIыззэгурымIуэр лъэныкьуэхэм езыхэм я щIыналъэхэм кьегъэщIылIа гъэкIэ ящIыгъуэм и щIымытыныр, и экономикэр зэщIэгъэгъэныр кьыззэзыгъэпэщ кьарууэ. Ауэ Испанием кьелыытэ Гибралтарыр ильэс 300 ыхьуэ пщылIэм и ягу. Ищхьэ ильэс 60 кьаIэтыну, апхуэдэу ЖКХ-мкIэ нрат льготэхэр ягъэмэщIну.

Къэрал Думэм яхьа проектым куэд тепсэлъыхьыр- щхьэусыгъуэ щыIэщ. Псом хуэмыдэу щIыззэгурымIуэр лъэныкьуэхэм езыхэм я щIыналъэхэм кьегъэщIылIа гъэкIэ ящIыгъуэм и щIымытыныр, и экономикэр зэщIэгъэгъэныр кьыззэзыгъэпэщ кьарууэ. Ауэ Испанием кьелыытэ Гибралтарыр ильэс 300 ыхьуэ пщылIэм и ягу. Ищхьэ ильэс 60 кьаIэтыну, апхуэдэу ЖКХ-мкIэ нрат льготэхэр ягъэмэщIну.

Урысейм и лэжьакIуэ къызэрыгуэкIхэм я улахуэхэр абыхэм я унафэщIхэм яIэрыхьхэм нэхъыбэ хуэдэ 12,5-кIэ нэхъ мащIэщ. Европэмрэ США-мрэ ар щIыпэщхьэщыкIыр-кьым хуэди 3,5-кIэ нэхъыбэ нэхъыбэкIэ.

УРЫСЕЙ лэжьакIуэхэм, я нэхъ мащIэрамэ, хуэдитIкIэ нэхъыбэ иратын хуейщ. Зызыужьа къэралхэм улахуэу щат налогыу къыхэкIым и процент 50-р, Урысеим ар зэрыщыхъур процент 25-рщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Европэм жыпI телефон щызыщIым доллар 50 щратмэ, Урысеим апхуэдэ дыдэ лэжьыгъэм щыхуэзэр доллар 25-рщ. Ди щIыхьэм кьаIэжьыр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэщ европейхэм яIэрыхьэм нэхърэ. Зы щапхъэ закъуэ - авиадиспетчерхэр. Москва областым абыхэм я улахуэхэр сом мин 80-м щыщIитIурыкьым. АрщхьэкIэ щIыдагъи гази зимыIэ Исландием а бжыгъэр хуэдитхукIэ щынэхъыбэщ! Урысей ныпыр ящхьщыгъу тенджызхэм щес ди кхъухэм я хыIхэм я улахуэхэр хуэдизпIкIэ нэхъ цIыкIуц абыхэм нэгъуэщI къэралхэм я жьауэм щIэту кьаIэжьым нэхърэ.

Псори зэлъытар узыхуэлIыщIэрщ

АрщхьэкIэ апхуэдэ улахуэ цIыкIуэхэм я нэхъыбэр саугъэтхэмрэ нэгъуэщI узэрагъэпажэ ахъшэхэмрэщ. Ахэр кьуатынрэ кьуамытынрэ, кьанэ щымыIэу, зэпытар уи унафэщIыр кьызэрыпхущытырщ. Хэбгъэзыхьмэ, я щхьэзыфIэфIагъэщ, зэрегуакIуэщ. Хамэ унафэ щIэмыт профсоюзхэм кьагъэув зи гугъу тщIы улахуэр процент 80 и кIэ кьемыхьу ягъэувыну. АрщхьэкIэ...

ЩытыкIэр щынэхъыкIэщ бюджет Iэнатlэм. ЛэжьапIэ дызыгъуэ къэралыр сыт и лъэныкъуэкIи хущIокъу нэхъ мащIэ кьыдитыну, псори льэгуэжьэмыщIхьэу дигъэувыну. ИужькIэ льэгуэжьэмыщIхьэу увахэм кьахьыпыкI хэхакIуэ комиссэхэм эхтынуэр. Ауэ мыбдеж зэпэщIэуэныгъэ кьыщыкъуокI: бюджетым улахуэхэм ахьшэхуэ хухех, арщхьэкIэ ар лэжьакIуэхэм я деж нэсырыкьым - а ахъшэр зыгуэш льхьыкъущIэхэм я жып щIэнпэхэм кьохутэ. Зы щапхъэ къэхъынщ. Сэ сыщалъхуа Астрахань щыIэ Медицинэ академием и ректорым мурад ищIат депутату зыхригъэхьанри, и хэхъуэхэр зыхуэдизым теухуа декларацэ итын хуей хъуащ. Ди кьалэ мыиным ректорым и улахуэр зы мазэм сом мин 350-рэ хуэдизу щыхъуу кьыщIэкIащ. Абы щыгъуэми, а IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм зы мазэм кьалэжьыр сом мин 14-щ. ЗэбгъэпщэнкIэ Iэмал иIэкъым. Апхуэдэ щытыкIэ щыщIэщ дэни: сабий садэхэми, школхэми, сымаджэщхэми. Къэралым щагъакIуэдыжащ улахуэ эрат хабзэр. Лэжьыгъэ хабзэ щыIэжьхьым.

Урысейхэм къалэжьыр иратыркъым

• Улахуэхэр

Дэнэ щыIэ профсоюзхэр?

Иджырей Лэжьыгъэ кодексым цIыхуэхэм Iэмал ярытыжьым езыхэм лэжьыгъэкIэ яIэ хуитныгъэхэр яхъумэну. Дэ дыхуитхым забастовкэхэр егъэкIуэкIыну (пэжу, илъэс къэралым забастовкэ 150-м нэблагъэ щыIэщ). Профсоюз активистхэр я лэжьапIэхэм IуагъэкIыну хуит зымыщI хабзэр ягъэкIуэдыжащ. Хэбгъэзыхьмэ, лэжьапIэ къезытым епсэлъэну хуитыр игъэпажьхэхэм я процент 50 нэхъыбэ мы-нэхъ мащIэ зыхэт профсоюзыщ. ПэщIэдзэ профсоюзым апхуэдизэ хъу цIыху бжыгъэ зэригъэпэщыху, абы и пашэхэр лэжьапIэ IуагъэкIыфынущ. Араш ди деж профсоюзхэм гъащIэшхуэ щIыщамыIэр. Ахэр зэщIыIэр зи IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI лэжьакIуэхэм щыхэныкьуэ IэнатlэхэкIэ - авиадиспетчерхэм, докерхэм хуэдизкIэ я деж. Псалъэм и хьэтыркIэ, Всеволжскэ и «Форд» заводым и профсоюзым хуэзфIэкIащ езым и лэжьакIуэхэм я улахуэр АвтоВАЗ-м щызекIуэхэм яйм елыытауэ хуэдитI-щыкIэ нэхъыбэ иригъэщIын. Ауэ абы папщIэ суд Iуэху кхуэн, забастовкэхэу 8 иригъэкIуэкIын хуей хъуащ.

Мы зэманым жаIэ псалъэ пыухыкIахэм тещIыхьа лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэм лъэныкъуэхэм зэращIыгъэн хуейуэ. Дэ тыдогъэчыныхь апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр щызэращIыгъэн хуейр сезон лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI зэманыр зэрыварам - цIыхуэхэм ящIэн хуейщ хадэхэкI кьехьэлIэжьыгъуэр зэрыухыу зэращIыгъа зэгурыIуэныгъэм кьару зэримыIэжьынр.

Зи гугъу тщIы политикэ мыхьумыщIэм и зэранкIэ, кьэралым йокI зи IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI лэжьакIуэ жыджэрхэр. Араш Урысейр нэгъуэщI къэралхэм кьикIа лэжьакIуэхэр кьимыгъэзэжьмэ мыпсэфыну щIагъэхъыбарри. Мы Iуэхур зэфIахын папщIэ, лэжьыгъэ епыткэр ирахуIэн хуейц урысейхэми нэгъуэщI къэралхэм кьикIахэми яхуэзэ налогыр ятыну. ЛэжьакIуэм и уасэм хэхъуэнущ. ИтIанэ егупсысынщ: урысейр кьытщтэжэ нэхъыбI, лъэмэрэ нэгъуэщI къэрал цIыху дгъэлэжьхэн? ИтIанэ урысейхэр хуеинкIэ хъунщ пхъэнкIакIуэу е ухуахIуэу лэжьэну. Арыншамэ, нэгъуэщI къэралхэм кьыкI лэжьакIуэ кьарур пхуэтхэмэщIэнукъым. Ауэ абы IэнатlэкIэ кьезытхэм я сэбэн хэльхькым -ахэр зыхуейр пщылIэкIэрщ.

ШЕИН Олег,
Урысеим Лэжьыгъэмкlэ и конфедерацэм и унафэщIхэм ящыщ.
«Аргументы и факты»

• Сирие

УФ-м нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ и министр Лавров Сергейрэ США-м и къэрал секретарь Керри Джонрэ зэщIугуфIыкIыну щхьэусыгъуэ яIэщ. Ахэр зэгурыIуэфащ Сириер химие Iэщэм пыгъэкIыным тегуэуцI. Шэч хэлъкьым ар дипломатхэм я екъулIэныгъэ зэрыщытым. Абыхэм я жьыдэрагъым и фыгъэкIэ Вашингтон Дамаск еуэныкIэ щыIэ шынагъуэр ужьыхащ.

• Ди гъунэгъуэхэр

Зыр токI, адрейр тохьэ

Иджы дыдэ и къулыкъум текIащ Ставрополь крайм и губернатор Зеренков Валерий. Зэрыжаlэмкlэ, езым фIэфIу икIи и узынщагъэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыу. УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр щIыналъэ парламентым хэтхэм къарикIуэщIагъуэ ар зэзыхъуэжьыну - Владимиров Владимир.

Удз гъэгъахэмрэ гъуэгухъумэхэмрэ

Зеренков текIыну хьыбар ягъэIуат маэз зыбжанэ и пкIэ. Езым ар пщIыуэ, и къулыкъур илъэс куэдкIэ ыIыгъыну жиIэрт. Ауэ хьыбарыр уажьыкIуэрт. Ставрополь крайм щыIэныгъэ ящIэн щэч къытрахьажьрэжьым ар зэрызэрахъуэжьынри. Абы и къулыкъур зыгъэсыжьнкIэ хъунут, уеблэмэ фызыжьхэри тепсэлъыхьырт: «Путин хуэдэу абыи Владимиркlэ еджэу жаI». - Махуэр- кьыззэрысар кьалэдэсхэм кьащIащ Ставрополь и уэрамхэм машинэхэр егъэлеягъ щыхэтрихьа, абыхэм хабзэхъумэхэр уцугъэтха нужь. Хлопонин Александр и гъусэу губернаторыщIэр хуабжьу сакъыу крайм администрацэм нагъэсащ, ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм Унэ хуэкIыр зыхиубыдэ хьэбгэр зэхущIат. ЗнафэщIыр зэхъуэжьныным тетхуэу Iуэхур гукъинжэу екIуэкIащ.

- Зеренков Валерий и къулыкъым трагъэкIыну лъэIуащ и узынщагъэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыу. Президентыр нобэ абыкIэ арэзы хъуащ, - жIащ Хлопонинным депутатхэм щаIуащIам. - Губернатору щылажьэм Зеренков куэд зэфIитъэкIащ. Хуабжьу си жагъуэ мэхъу и узынщагъэр зэрымыщIагъэм къыхэкIыу ар дяпэкIэ зэрымылэжьэжьфынур.

ТекI губернаторми абы зыкьыдригъэкIуащ: «Дэ дэмылъыта щхьэусыгъуэхэр кьыкьуокI. Кьэсащ зэманыр». Ар езыр зэзыхъэжькIым екъуэхъуащ и лэжьыгъэм екъулIэну. Удз гъэгъа Iэрамэ зыIэщIалъхьа Зеренков псалъапIэм IэгуаэкIэ ирагъэкIыжащ.

АрщхьэкIэ Хлопонинныр губернаторыщIэм (нэхъ тэмэму жыпIэмэ, абы и кьалэнжэр зэкIэ пIщIалъэкIэ зыгъэхъэщIэжьуэ) екъуэхъуакъым, ар лэжьыгъэм зэрыщIигъэнэнумкIэ зиумысыжри.

Дэнэ ахъшэ къыздрихьыну?

- Владимиров Владимир Владимир и къуэр кьуэпс кууэмкIэ Ставрополь крайм пыщIащ, - пищащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу округым щыIэм. - Абы и Iыхьлыхэри благъэхэри мыбы щопсу. Ар цIыху жыджэращ, лэжьыгъэм занщIэу хэзгъэнущ.

ЖытIэнщи, Владимировми куэдрэ зриIэфIыхьакъым. ЕтIуанэ махуэм ар щалъэгъуащ КБИ-хэм я щIыналъэ зэхуаку зэпеуэм. Хуабжьу къыззэрыгуэкIыу хуэпат: джинсхэмрэ джанэ гъуэбжьрэт щыгъыр. Аргуэру зы махуэ дэмIри, правительствэр зэхуэшэсащ, щыпсэлъхьэм журналистхэм епсэлъащ.

Нужьрейхэр псом япэу щIэупщIащ: «Бюджетыр щытыкIэ гугъуэ дау къыригъэщIу и мурад?» Владимировым абы и жэуапыр хельагъуэ Iэмал зыбжанэм. Япэрагъэ, крайм и щIыналъэм щыIэ компаниехэм нэхъ быдэу ядэлэжьхэн хуейц - абыхэм кьабгъэдэкI налогыр щIыналъэм кьинэжьхэн хуэдэу. ЕтIуанэрауэ, крайр нэхъ кууэр хэшэн хуейщ федеральнэ программэхэм. ИкIэмкIэжьхэм, инвестицIэ кьыхьатхьэхэм щIэ ЭмалыфIхэр кьыхэIуахьын хуейщ. АрщхьэкIэ бюджетыр инвестицIэ проектхэм занщIэу хэтыпхъэкъым. Апхуэдэу хьумэ, мыпыкур зэхадыгъэнущ.

ФIыгъуэ мыкIуэщI

Ставропольем и хэхъуэхэм я кьыхэкIыпIэ нэхъыщхьэу увыфанущ щIыр. Ар «фIыгъуэ мыкIуэщIщ». Къулыкъым пэрыувам Кавминводхэм егъэщIылIа программэ пыухыкIа зэкIэ иIэкъым, арщхьэкIэ ящIэрт зэгъэужьын зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ.

Ставропольем щыпсэу лъэпкъхэм яку жыхуэпсэу я къуагъэхэр Владимировым къеплъитэ кьуанщэхэр жэуапым зэрырамышIалIэм кьыхэкIыу:

- Языныкъуэхэм псори кьащыхуэгъуэм деж, адрейхэм зыкъащытэж кьащхьэщыжьын ямыIэу. Хьыбарыщ куэд ягъэIу. Аращ щытыкIэр зэщIэзыгъашIэр. Лъэпкъхэм яку мамырагъэ дэтъын хуейщ. Зэныбжьэгъуныр кьыдэмыхьуIэнкIэ хъунщ, ау фIэкIыпIэ имыIэу зызэхащIыкIын хуейщ.

Къулыкъуэхэр

Мы зэманым правительствэр и къулыкъум текIащ. Губернаторым мазитI пIалъэ иIэщ министрхэм ящыщу хэт и IэнатlэкIэ нэхъыфIу пэпльэщами зригъэщIэн папщIэ. Абы щIипуэрэкъым крайм къулыкъущIэхэр зэрыщыкъуэдыкъуэр. Ахэр ягъэмэщIэнущ. Езыр зыщыIэжьа щIыналъэм къулыкъущIэ кьришыну и мурадкъым - ахэр мы щIыпIэм кьыщIэзгъэныкъым.

Хэт хъуну езыр?

Владимиров Владимир 1975 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м Гумкъалэ (Георгиевск) кьалэм кьышащIхуащ. 1997 гъэм Уфа и къэрал щIыдагъэ-газ университетым щыхуащ. 1997 - 2010 гъэхэм щIыдагъэ-газ Iуэхущ IапIэм инхэм щыIэжьащ, 2010 гъэм Ямал-Ненец автоном округым и губернаторым и къуэдзэу, нужькIэ и япэ къуэдзэу ягъэуващ. 2013 гъэм фокIадэм и 27-м кьыщыщIэдзауэ Ставрополь крайм и губернаторым и кьалэнхэр ягъэзащIэ.

КОЛЕСНИКОВЭ Наталье.
«Аргументы и факты»

Напэкlэуэцlыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Къырыр яхуэзэрыгъэгуэшыркъым

• Гибралтар

Ильэс 300 ирикъыщ Утрехт мамыр зэгурыIуэныгъэм Iэ зэрытрадзэрэ. Абы ипкь иткIэ, Гибралтарыр Инджылызым ей хьуащ.

МЫ IУЭХУР Iэтауэ щагъэлъэпIащ цIыху мин 30 щыпсэу икIи езыхэм я автономие куум Британиер и щэсыпIэу кьэзылытэ гибралтархэм. Абыхэм я дежкIэ ар щIигъ хьатIыгъу политикэ и лъэныкьуэхэм хамэ унафэм щIэмытыныр, и экономикэр зэщIэгъэгъэныр кьызэзыгъэпэщ кьарууэ. Ауэ Испанием кьелыытэ Гибралтарыр ильэс 300 ыхьуэ пщылIэм и ягу. Ищхьэ ильэс 60 кьаIэтыну, апхуэдэу ЖКХ-мкIэ нрат льготэхэр ягъэмэщIну.

Къэрал Думэм яхьа проектым куэд тепсэлъыхьыр- щхьэусыгъуэ щыIэщ. Псом хуэмыдэу щIыззэгурымIуэр лъэныкьуэхэм езыхэм я щIыналъэхэм кьегъэщIылIа гъэкIэ ящIыгъуэм и щIымытыныр, и экономикэр зэщIэгъэгъэныр кьызэзыгъэпэщ кьарууэ. Ауэ Испанием кьелыытэ Гибралтарыр ильэс 300 ыхьуэ пщылIэм и ягу. Ищхьэ ильэс 60 кьаIэтыну, апхуэдэу ЖКХ-мкIэ нрат льготэхэр ягъэмэщIну.

Испанием блэкIамрэ иджырей лъэхъэнэмрэ зэзыгъапщэ тхыгъэ зыбжанэм кьыфIигъэкIакьым. Абыхэм я тегъэщIапIэр Гибралтарыр Инджылызым и колониеу кьызэрыпэжыргъ.

Испанием и Цыхубэ партым 2011 гъэм и кIэм властыр Iэщы-хьа иужь, абы Гибралтарым егъэщIылIаэу иригъэкIуэкI политикэр зытещIыхьар нэгъуэщI кьэралIуэхэмкIэ министр Гарсия-Маргало Мануэль британ депутатхэм ящыщ щыж жриIа мы псалъэхэр: «Гибралтарыр Iэмал зейр Испаниерщ!» Абы льандэрэ властхэм Инджылызыр кьыхураджэ Гибралтарыр зейм теухуа зэпсэльэныгъэхэм щIадэну. Абы щыгъуэми, Мадрид Гибралтарым щхьэкIэжкIэ жеIэ «Европэм и щIыналъэм кьина иужьрей колониеу». Иджы абы идэжьркъым нэхъапэм властыр зыIэщIэла социалистхэм я правительствэм щIыззэгурымIуэ Iуэхуэм теухуа зэпсэльэныгъэхэр лъэныкьуэщмэ - Испанием, Инджылызым, Гибралтарым - я лIыкIуэхэр хэту ирагъэкIуэжыну кьыхихьауэ щытыгъэ. Иджы абы кьегъэув Лондонрэ Мадридрэ фIэкIа зэмыпсэльэну е а зэпсэльэныгъэхэм Гибралтарым и гъунэгъу Андалусие автоном областыр хагъэхьэну. ХьатIыгъуэ и правительствэм а жэрдэмитIри зэрыдимыIыгъам кьыхэкIыу зэпсэльэныгъэ гуэркэхэри екIуэкIакъым.

АрщхьэкIэ щIыззэпсэльэн зэпэщIэувэнкIэ шынагъуэщ.

Иджыблагъэ Гибралтарым и властхэм кьаугъэ кьалэтэщ Испаниием и кьаруэхэр хьатIыгум и лъэныкьуэкIэ кьэуауэ ягъэIурри. Иужьрейкэм ар пцIыуэ жаIащ. Ауэ, итIани, Гибралтарым и министр нэхъащхьэ Пикардэ Фабиан и псалъэхэм тращIыхьри, Инджылызым и премьер-министр Кэмерон Дэвид Брюссель тIкIийуэ щыжиIащ Испаниием и властхэм ирагъэлейуэ.

Гибралтарым егъэщIылIа кьаугъэм уэгурн кьыззэщIеубыдэ. Испаниием кьилыытэркьым ар Европэм и зэхуэдэ уафэу. Хэбгъэзыхьмэ, спортри - Испаниер зэгуигъэпащ Гибралтарыр УЕФА-м зэрызагъэхьам.

Арщхьэкlэ нэхъыбэ дыдэу щIыззэгурымIуэ Iуэхуэр Гибралтарым щызекIуэ налог хабзэр. Испаниием кьелыытэ абы ипкь иткIэ хьатIыгъуэ щIэпхъащагъэ Iэмалхэмкlэ зэрагъэпэща мыльку ирашалIэ щIыпIэм хуэкIуэуэ. Испаниием и правительствэм щэч ещI Гибралтарым и ВВП-м и зэрыщрихьар абы и фIыгъэщ.

Апхуэдэу испан властхэр тогуэвыхь Гибралтарыр наркотикхэр Европэм зышэ бзаджащIэхэм я кузбжэ зэрыхуэам.

Испан Iэщ1ащIэлIхэм кьалыытэ мы зэманым а пащтыкIыгъэм Гибралтарыр Iэщ1ыхьэжьинкIэ Iэмал гуэрн щымыIэу. Британием и правительствэм и Iуэху гъэзэныхьэкIи и захуагъэм щэч кьытепхьэну гугъуэм «Дэ дыдэрэ» зыщ хьатIыгуэм щыпсэухэм я нэхъыбэм я фIэфIыныгъэм тету Гибралтарым егъэщIылIа Iуэхуэр зэфIэдгъэкIыну». Гибралтарым щыпсэухэм Испаниер кьыхахьым ущIыщIыгугъын щыIэкъым: цIыхухэм зэреупщIам кьигъэлъэгъуащ хьатIыгум щыпсэухэм я процент 95-р Испаниием зэрахуэмейр. Щхьэусыгъуэрэ кьыззэрыгуэкI дыдэщ: Гибралтарым и цIыхум зы илъэсым хэхъуэу еврэ мин 47-рэ Iэрохьэ, ауэ и гъунэгъу Андалусием ар зэрыщыхъур мин 17 кьудейщ. Апхуэдэу кьэлыытэн хуейщ Лондон Гибралтарыр ибыгъыным ахьшэ гуэрн зэрыгримыгъэкIуадэр.

Пэжщ, щытыкIэм зихьуэжьынкIэ хъунущ Англиер Евросоюзым хэтыным е хэмытыным теухуа референдумым иужькIэ. Лондон ЕС-м хэмэ, Гибралтарыр пыкIынущ а зэгуэхэныгъэм кьикIыу кьыIэрыхьэ субсидиехэм. ИтIанэ и экономикэр зэIыхьэнщ.

ФщIэн папщIэ

Зи щIынальэм и дамыгъэу Кьыр льагъэ щыт Гибралтарым и тхыдэр ильэс минищэм щIегъу. Ар щIыхуэр нэхъ пасэу зыдэтIыса щIыпIэ нэхьыжь дыдэхэм ящыщщ. Археологхэм кьалытэ ильэс мин 24-рэ и пэкIэ, кIуэдыжьыкъ, мыбы неандертальцэхэр щыпсэуауэ. Финикийхэм я тхыдэм щIидзауэ ди эрэм и пэкIэ 950 гъэм. Карфагенянхэри урымхэри Кьырым кьэкIуащ, мыбыи щыпсэуащ.

Рим империер лъэпсэжа иужь, Гибралтарыр 711 гъэм маврхэм яубыдащ. 1309 гъэм Кастилие пащтыкIыгъэуэ хьатIыгур Iэщ1ыхьащ, 1333 гъэм Iэщ1экIащ, 1462 гъэм аргуэру иубыдажащ. ИужькIэ щIыналъэр испан пащтыкIыгъэм щыщ ящыщ. 1704 гъэм хьатIыгур Инджылызымрэ Нидерландхэмрэ я флотым иубыдащ. Утрехт зэгурыIуэныгъэм ипкь иткIэ, Гибралтарыр Инджылызым и колоние 1713 гъэм хъуащ икIи уваш ар Тенджыз Курыхым щIэ быдапIэу. XVIII лIэщIыгъуэм Испаниемрэ Инджылызымрэ щыззэауэм хьатIыгур зыбжанэрэ кьызэхъуреихьащ, арщхьэкIэ кьахъэщтакъым.

Мы зэманым Гибралтарыр Инджылызым и тенджыз адрыщ щIынальэщ. Къэралым и Iэнатlэр пащтыкъ гуащэ Елизаветэ ЕтIуанэрщ, абы и цIэкIэ унафэ щызыщIыр губернаторырщ.

Гибралтарыр ЕС-м хэтщ Британиемкlэ. Абы щыгъуэми, кьылIыпIэзыщIа а зэгуэныгъэм и мэкъумэш политикэмрэ шенген зэгурыIуэныгъэхэмрэ.

ХьатIыгум щопсэу цIыху мин 29-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр инджылызхэщ, испанхэщ, португалхэщ, урымхэщ, журтхэщ. Къыщагъэсэбэп къэралыбзэр инджылызыбзэщ.

ДОКУЧАЕВ Дмитрий.
«Эхо планеты»

● Лъэпкъ Іуэху

Адыгэ фащэм и махуэ

Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым ндж ыблагъэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ Адыгэ фащэм и махуэр.

УНИВЕРСИТЕТЫМ и ректоратым и жэрдэмкІэ Адыгэ щэнхабзэ центрым кІыІэрыгъэпэщ махуэр хъурэ кІэрихьэлІат дуней псом кІыщащІыху, лъэпкъ куэдым ягу ирихь адыгэ фащэр зыфІэфІхэр. Къафэм и макъамэ гуакІуэм зэхуишэсахэр университетым и пщІантІэ хуитым дэз хьурт. Абы кІэрихьэлІат КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий**, щІэныгъэ нэхъыщхьэмкІэ ЮНЕСКО-м и къудамэу Европэм щыІэм и унафэщІ, Дуней псом щыІэ университетхэм щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ я фІагъыр кІыэрахутэ рейтингым и президент, профессор **Садлак Ян**, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Зэрыгъэуіу советым хэтхэр, абы и Іэтащхьэ **Кьалмыкъ Жылэбий** сымэ.

Адыгэ фащэр екІуп суэ зыщыгъ ныбжьыщІэ цыкІухэм ягъэдахэрт университет пщІантІэр. Модельер Іэзэ Хьурей Жаннэ и ІэдакъэщІэкІэхэр, ижь зэманым адыгэхэм зэрахьэу щыта Іэмэпсымэхэр, унэльащІэ хуэІухуэущІэхэр утыкум кІыщыІэзэрагъэпэща гъэлъэгуанІэм щегъэувэкІат. Абдежым дыщэпскІэ щэкІыр хэдыкІыныжкІэ, ар тхыпхъэ зэмылІэужьыгъуэу зэІущэныжкІэ я Іэзагъыр щагъэльагъуэрт университетым и ДПИ къудамэм щеджэ адыгэ пщащэ цыкІухэм. А псом яфІэтэщІэгъэуну кІэльыплъырт, хэдыкІыкІэм и щэхуэхэр зрагъащІэрт машкІуэхэм кьрихьэлІа щІалэгъуалэм.

Кьыдзэхуэсахэм гуапэу екъуэхъуащ ректор Къарэмырзэ Барэсбий. Абы кІыхьигъэщащ ныбжьыщІэхэр я лъэпкъ тхыдэм щыгъуазэу, зэманыжьхэм кІыщежьауэ нобэми дгъэлъапІэ хабзэхэр зэрахьэу гъэсэныжкІэ мыпхуэдэ махуэщхуэхэм мыхьэнэ ин зэрапІэр.

Университетым и хьэщІэ Садлак Ян жиІащ ныбжьыщІэхэм я гъэсэныгъэм, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я хабзэр ядэІыгъыным еджапІэ нэхъыщхьэм гулъытэшхуэ зэрыщыхуащІыр, икІи кІыщигъуащ адыгэ фащэм и дахагъэм зэритхьэкІуар.

Махуэшхуэр лъэпкъ кІафэхэмрэ уэрэдкІэ гъэнщІауэ екІуэкІащ. КІыхьэхуэсахэм я пащхьэ я Іэзагъ щагъэльэгъуащ Битокъу Оксанэ зи унафэщІ «Кьафэ» гупым, Кьул Амир и гъэсэнхэу «Аникс» гупым и артистхэм, Нартан къуажэ дэт интернатым и сабий къэфакІуэхэм, КъБКъУ-м къегъэщІылІа сабий садым и гъэсэн щыкІухэм.

Махуэшхуэм кьрихьэлІахэм Іэгуауэ хуалэтащІащ ди лъэпкъэгъэІуэ хьыбарым: университетым и къудамэхэм кьэралым и мылькукІэ щеджэну Іэмал ягъуэтащ Сирием кьикІа ныбжьыщІи 104-м. АдэкІэ утыкур хуит хуащІащ ди лъэпкъэгъэІуэ ящыщ къэфакІуэ пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ. Псоми ягу кьинэжащ мыпхуэдэ теплъэгъуэрэ - «Хъуромэ» адыгэ уэрэдыжьыр щагъэзащІэм, фащэкІэ хуэпа ныбжьыщІэ цыкІухэм адыгэ шхыныгъэхэр зэрыльтматэхэр яІэщІэлъу пщІантІэшхуэм кьыдыхьащ икІи ижь зэманым адыгэхэм зэрахьэу щыта хабзэ дахэм тету, кьрагуэшэкІащ.

Ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ адыгэ фащэм ди щІалэгъуалэр зэрыхуущытым зэрызихъуэжьым гу лъымытэу кьанэркъым. Абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ ЦыпІыпэ Асльэн и цІэр зэрихьэу университетым кьЕгъэщІылІа Адыгэ щэнхабзэ центрым. Ар зи унафэм щІэт Езауэ Мадинэ и лэжьыгъэр треухуэу ильэс мин бжыгъэ хьуауэ лъэпкъым кьыдекІуэкІ щэнхабзэр ди щІэблэм зэрахьэным, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ яхуэфащэ льагаІ. Іэгъэгъуэтыжьыныр нэхъыбэу зи пщэ кьыдэхуэ ныбжьыщІэхэр абы хуэгъэсэным.

Іджыпсту хэти кьыгуры Іуащ адэжь хабзэхэр, щэнхабзэр, гъуазджэр, бзэр нэгъуэщІым зэрыхуимыхъумэнур, зэрыгтхуэзфІимыгъэувэжьфынур, а псори зыщІэн хуейр дэрауэ зэрящытыр. Дыщогугъ ди лъэпкъ уардэм щитІэгъэжьну езым хуэфащэ дыдэу кьыгъэщІа и фащэ дахэр.

ЩОДЖЭН Іэминат.

● Пшыхьхэр

Пшыналъэ - дунейгъэдахэ!

Адэжь хэкум, лъэпкъ хабзэм, анэдэлъхубзэм яхуэщІын хуей пщІэ-нэмысыр къэзыІуэтэф пшыналъэхэр жэпэгъуэм и 1-м Профсоюзхэм ЩІэнхабзэмкІэ я унэм щагъэІущ пшынэм уэІэнжьу, хуэІэсэу, хуэІэкІуэльэкІуэ Кавказ Ищхъэрэмديژ щІалэгъуалэм. «Пшынауэ уджыр» зэхашат Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Тыркум я пшынауэ пажэхэм.

ЗЭРЫТЩІЭЩІ, а макъамэ Іэмэпсымэр пасэм нэхъыбэу зыгъэбзэрабзэу щытар цІыхубзхэрщ, ауэ ди зэманым щІалэхэм ар нэхъ я Іэпэгъу хъуащ. А Іуэхум езым и щхьэусыгъуи и фІагъыр хэлъыж кІыщІэкІынщ. Шэч кІэзыпумыхьэнырщи, зы гуфІэгъуэ зэхьыхи, пшыхьи ар хэмытмэ, екІуу екІуэкІырхъым, джэгур бзэр нэгъуэщІым зэхэхуимыхъумэнур, зэрыгтхуэзфІимыгъэувэжьфынур, а псори зыщІэн хуейр дэрауэ зэрящытыр. Дыщогугъ ди лъэпкъ и уардэм щитІэгъэжьну езым хуэфащэ дыдэу кьыгъэщІа и фащэ дахэр.

ЩОДЖЭН Іэминат.

● Ухуэныгъэ

Кулиевым и фэеплъым йолэжь

Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубз усакІуэ Кулиев Кьайсын и фэеплъ комплекс щІадзауэ щаухуэ ар кьыщалъхуа Эл Тюбю жылагъуэм пэмыжьжьу. УсакІуэр кьыІэралъхуэр илъэс 95-рэ щрихьыжьауэ мы Іуэхур кьаІэтащ. «Кьайсын хуэкІуэ лъэбакъуи 100» - арат абы зэреджэр.

ФЭЕПЛЪЫР метр 360-рэ и льагагъыу щытынущ. Абы кІэрылъынущ Кулиевым и усэ едзыгъуэхэр зытетха мрамор плиткэу 100-м нэблагъэ. Комплексыр усакІуэр зэщІанІыкІа унэм хуэхІуэ гъуэгубгъуэм кьыщрагъэжьащ.

Зи гугъу тщІы жэрдэмыр кьызыбгъэдэкІар жьыдагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ Кулиевым и творчествэр зи гумрэ зи псэмрэ дыхьэ цІыху кьызэрыгуэкІхэмрэщ. Абы кьыхэкІыу фэеплъым и хуэныгъэм дэтхэнэ зыри хэуэвну хуитщ.

Нобэ объектым, псом хуэмыдэу жьыдэгъу йолэжь КъБКъУ-м Балькъэр щэнхабзэмкІэ и центрым къекІуэлІэ студентэхэр. Абыхэм ухуэныгъэ пкъыгъуэхэр зэрагъэпэщащ «Балькъэр хьыршыным и махуэ» акцэм кьыпэкІуа ахьшэмкІэ. КьищынэмыщІауэ, зы тхьэмахуи кьэмынэу Эл Тюбю макІуэри, зэрахуэзфІэкІхэр ухуэныгъэ щІыхьхуэм хэтащ. Апхуэдэу а щІыпІэм кьыщыщэрагъэпэщ концертхэр, спортымкІэ зэпеуэхэр, зэхуахьэсащ икІи машинэхэмкІэ а щІыпІэм ирагъэщІэлащ. Лэжьыгъэхэр дунейр щІыІэ кьэхъуху ирагъэкІуэжьынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым мы спектаклхэм фрегъэблагъэ

Жэпуэгъуэм и 17-м
Толстой Алексей.
«Пащтыхьыжьрэ пащтыхь гуащэмрэ»
(Драмэ)

Жэпуэгъуэм и 22-м
Куни Рэй.
«Цыхьухьэр, цыхьубзыр», хьэдэ мыцІыхьэр...»
(Комедие)

Жэпуэгъуэм и 24-м
Мамий Ержыб.
«Псэмыхьуэхэр»
(Комедие)

Щышидзэр сыхьэт 19.00-рщ.
УпщІэ зиІэхэр мы телефонхэмкІэ фыпсалъэ хьунущ: 42-64-94, 42-28-58

● Бахьсэн къалэ

«Іуащхьэмахуэ и вагъуэбз»

Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Бахьсэн къалэм щекІуэкІащ сабий творчествэмкІэ фестиваль.

ЕГъэДЖЭНЫГЪЭМКІЭ департаментымрэ къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэмрэ кьыІэрагъэпэща республикэпсо фестивальм и районэ зэпеуэр кьалэм дэт ЩІэнхабзэмкІэ унэм щекІуэкІащ. ЕджапІэ ІэнатІэ 16-м щыщ сабий 80-м нэблагъэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэну абы Іэмал щагъуэтащ. Ахэр я ныбжь епъытауэ гупитІу ягъэшри, лъэныкъуэ зыбжанэкІэ зэпеуахэщ: усэ, прозэ кьеджэнкІэ, урыс лъэпкъ классикэмкІэ, иджырей литературэмкІэ, сурэт щІыныжкІэ, ІэнщІэпащІэныжкІэ.

Фестивальм ипкъ иткІэ кьыІэрагъэпэща выставкэм щагъэльэгъуащ живопись, графикэ, скульптурэ жанрхэм ито ягъэхьэщІра лэжьыгъэ нэхъыфІхэр.

КьэфакІуэ гупэхри утыку кьихьащ икІи Іэзагъ я бгъэдэлъу щІалэ сабий ныбжьыщІэхэр я лъэпкъ тхыдэм щыгъуазэу, зэман жыжьэм кьыщежьауэ нобэми дгъэлъапІэ хабзэхэр зэрахьэу гъэсэныжкІэ мыпхуэдэ махуэщхуэхэм мыхьэнэ ин зэрапІэр.

Университетым и хьэщІэ Садлак Ян жиІащ ныбжьыщІэхэм я гъэсэныгъэм, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я хабзэр ядэІыгъыным еджапІэ нэхъыщхьэм гулъытэшхуэ зэрыщыхуащІыр, икІи кьыщигъуащ адыгэ фащэм и дахагъэм зэритхьэкІуар.

Махуэшхуэр лъэпкъ кьафэхэмрэ уэрэдкІэ гъэнщІауэ екІуэкІащ. Кьыхэхуэсахэм я пащхьэ я Іэзагъ щагъэльэгъуащ Битокъу Оксанэ зи унафэщІ «Кьафэ» гупым, Кьул Амир и гъэсэнхэу «Аникс» гупым и артистхэм, Нартан къуажэ дэт интернатым и сабий къэфакІуэхэм, КъБКъУ-м кьегъэщІылІа сабий садым и гъэсэн щыкІухэм.

Махуэшхуэм кьрихьэлІахэм Іэгуауэ хуалэтащІащ ди лъэпкъэгъэІуэ ящыщ къэфакІуэ пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ. Псоми ягу кьинэжащ мыпхуэдэ теплъэгъуэрэ - «Хъуромэ» адыгэ уэрэдыжьыр щагъэзащІэм, фащэкІэ хуэпа ныбжьыщІэ цыкІухэм адыгэ шхыныгъэхэр зэрыльтматэхэр яІэщІэлъу пщІантІэшхуэм кьыдыхьащ икІи ижь зэманым адыгэхэм зэрахьэу щыта хабзэ дахэм тету, кьрагуэшэкІащ.

Ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ адыгэ фащэм ди щІалэгъуалэр зэрыхуущытым зэрызихъуэжьым гу лъымытэу кьанэркъым. Абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ ЦыпІыпэ Асльэн и цІэр зэрихьэу университетым кьЕгъэщІылІа Адыгэ щэнхабзэ центрым. Ар зи унафэм щІэт Езауэ Мадинэ и лэжьыгъэр треухуэу ильэс мин бжыгъэ хьуауэ лъэпкъым кьыдекІуэкІ щэнхабзэр ди щІэблэм зэрахьэным, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ яхуэфащэ льагаІ. Іэгъэгъуэтыжьыныр нэхъыбэу зи пщэ кьыдэхуэ ныбжьыщІэхэр абы хуэгъэсэным.

Іджыпсту хэти кьыгурыІуащ адэжь хабзэхэр, щэнхабзэр, гъуазджэр, бзэр нэгъуэщІым зэрыхуимыхъумэнур, зэрыгтхуэзфІимыгъэувэжьфынур, а псори зыщІэн хуейр дэрауэ зэрящытыр. Дыщогугъ ди лъэпкъ и уардэм щитІэгъэжьну езым хуэфащэ дыдэу кьыгъэщІа и фащэ дахэр.

ЩОДЖЭН Іэминат.

● Гу зылъытапхъэ

Сабийхэм хузэрагъэпэщыж

Зи школ щІэтІысхьэгъуэ нэмыса сабийхэм папщІэ иджыри зы Іуэхущ Іапли Тэрч къалэ кьыщыгъэІуэхащ. Абыхэм хузэрагъэпэщыжа унэр зэгуэрым щытащ щыкІуэхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ щІыпІэу.

«УРЫСЕЙМ и щІыналъэхэм егъэджэныгъэ Іуэхур щегъэфІэкІуэн» къэрал программэм ипкъ иткІэ зэфІагъэкІа мы уахьнэгъуэм текІуэда сом мелуани 5,5-р къэрал бюджетым кьыхэкІащ.

Мы зэманым ирихьэлІэу къатищу зэтет унэм и щхьэм иджыдей кьуэщІыкъэр трапьхащ, унэ кІуэцІ блынхэр зыкуей хуагъэзащ, бжэ-щхьэгъуэ джэныгъэ Іуэхур щегъэфІэкІуэн» къэрал программэм ипкъ иткІэ зэфІагъэкІа мы уахьнэгъуэм текІуэда сом мелуани 5,5-р къэрал бюджетым кьыхэкІащ.

Мы зэманым ирихьэлІэу къатищу зэтет унэм и щхьэм иджыдей кьуэщІыкъэр трапьхащ, унэ кІуэцІ блынхэр зыкуей хуагъэзащ, бжэ-щхьэгъуэ щІэкІэ яхуэжащ, пэшхэр кьыІэзрагъэплъ пкъыгъуэхэр, псы зрикІуэ бжьамийкэр зэрагъэпэщащ. Апхуэдэу зэфІагъэхьащ Іуэхущ Іапли кьекІуэлІэну сабий гупихыр щыжьеину, щыджэгуну пэшхэр, спортзалыр, макъамэ дерсхэр щатыну кьудамэр.

Нэхъапэм мы унэм щагъэзащІа къалэнри Іэщ Іыб ящІакьым: япэ кьатым кьыщызэІуахьожащ зи узыншагъэр егъэфІэкІуэн хуэмурэ кьалъытэ щІыкІуэм щакІэпылъпльыну щыпІэ.

Сабии 120-м тещІыхьа Іуэхущ Іапли къалэм щІэуэ щащхуэ хьэблэм дэтщ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Кикбоксинг

Дыжьынрэ жэзрэ я Іэрылъхьэу

Кикбоксингымкі Европэм пашэныгъэр кьыщыхьынымкІэ ныбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэ Польшэм и Крыницэ-Здруй къалэм щекІуэкІащ. Абы кьрихьэлІащ къэрааб 50-м я лЫкІуэхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту зэпеуэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ Шытхъэлэ кьуажэм дэт «Синдика» спорт клубым и гъэсэнхэу Кьанокъуэ зэкъуэщхэу Елдар, Башир, Хьэмзэт, ШынтІыкъу Андемыркъан сымэ.

Елдаррэ Баширрэ япэ зэІущІэхэм щытекІуащ, арщхьэкІэ кьыкІэлъыкІуэхэм я хьэрхуэрэгъуэхэр кьащефІэкІащ. Хьэмзэт «К-1» Іыхьэм хэта нэхъыщІэ дыдэхэм я зэпеуэм жэз медаль кьыщихьащ. Андемыркъан етІуанэ увыпІэр зыІэригъэхьащ.

Шытхъэлэдэхэм я тренер Саралидзе Айдин зэрыжиІамкІэ, УФ-м кикбоксингымкІэ ныбжьыщІэхэм я командэ кьыхэхам и тренер нэхъыжьхэр Хромов Юрий абы и гъэсэнхэм я Іэзагъым гулъытэ зэрихьунщІащ.

СОКЪУР Руслан.

Спартакиадэм щытекІуахэр

Грознэ къалэр пІуэсэн 195-рэ зэрырихьым теухуауэ Щэшэн Республикэм щекІуэкІа спартакиадэм Кавказ Ищхъэрэ федералькІэ щІыналъэм и социальнэ Іэнатіэхэм я Іэщіагъэлілхэр хэтащ. Абыхэм ящыщу КъБР-м Іэмышыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэ и министерствэм и командэр.

ДИ ГУПЫР бильярд джэгум, стІолыщхьэ теннисымрэ шахматэмкІэ адрейхэм ефІэкІащ, футбол цыкІуэмрэ кІапсэ зэпекъумрэ ещанэ увыпІэр кьыщІахьащ. Командэхэм я зэхьэзэхуэм кьрикІуахэмкІэ КъБР-м Іэмышыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэмрэ и министерствэм и командэр увыпІэр иубыдащ.

Спартакиадэм щытекІуахэм кубокэр, телевизорэр, спорт фащэхэр ираташ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

● Школ хъыбархэр

Тхылъкіэ яхуоупсэ

«Дзэлыкъуэ районым и школкІэ псорн зэреджэ тхылъхэмкІэ кьыІэгъэнэщащ. - апхуэдэ хъыбар къатащ егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и Іэщіагъэлілхэм.

ЩІЫНАЛЪЭ егъэджэныгъэр 2013 - 2014 гъэ еджэгъэм егъэфІэкІуэным хуэгъэпса программэм ипкъ иткІэ, школакІуэхэр тхылъыкІэ кьыІэгъэпэщащым федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу хуаутІыпщащ сом мелуани 4-м щІигъу. Абы Іэмал кьитынущ куейм и еджакІуэхэм я процент 24-м пщІэншэу тхылъхэр иратыну. КьищынэмыщІауэ, республикэ мылъкум кьыхэкІыу сом 486740-рэ и уасэ зэреджэ тхылъ иджыри кьащэхунущ. Ахэр жэпуэгъуэ мазэм и кІэм ныбжьыщІэхэм яІэрыхьэнущ. Псорн зэхэту мы зэманым ирихьэлІэу еджакІуэхэм папщІэ тхылъ 1629-рэ кьащэхуащ.

Дзэлыкъуэ районым и школхэм иджыри щокІуэкІ «ЕджапІэм тхылъкІэ хуэупсэ» псапащІэ акцэр. Сабийхэр тхылъхэмкІэ зэхъуэжьнри школхэм щэщІауэ кьыщагъэсэбэп.

БЖЬАХЪУЭ - КЪУНАШ Маринетэ.

Къэрэшей Асльэн и иужьрей гьуэгуанэ

Урысей Федерацэм и МВД-м и «Бахьсэн» кьудамэм и гъуэгу-пльыр кьулыкъуэм и инспектор, полицэм и капитан Къэрэшей Асльэн дыгъуасэ Бахьсэн кьалэм щыщІалъхьащ.

2013 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 56-м Къэрэшей Асльэн щэпхьащхьэкІэ кьытеуащ. Полицэм и капитаныр сымаджэщым яІэу гъуэгу тету, кьытехуэ уІэгъэхэм илыкІащ.

БзаджащІэхэр кьалъыхуэж. ЗэрафызыхуэмкІэ, ахэр тІу хьурт. Абыхэм автоматрэ кІэрахьуэрэ кьагъэсэбэнащ. Укьыгъэр кьащІыхуэ щІыпІэм гильзэ зэмылІэужьыгъуэ 20 кьащІащ-гуэтащ. Бахьсэн куейм «Вулкан-4» лэжьыгъэр щокІуэкІ.

Урысей Федерацэм и МВД-м и «Бахьсэн» кьудамэм и ДПС-м и инспектор, полицэм и капитан Къэрэшей Асльэн Чэрим и къуэр 1973 гъэм кьалъхуащ. Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм 1996 гъэм лэжьэн щыщІидзащ. Йужьрей кьулыкъуэр ар 2011 гъэм и бадзэзэгъуэм пэрыуващ. Унагъуэщ, сабитІ иІэщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЦІЭ Мухьэмэд

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), ЖъэкІымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), Щиридий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныдж Замирэ, Хъэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Изэ.

КьыдзэгъэкІуэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Нальчик къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ-епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ Іапли зэхэхьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапли эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапли №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2, 6-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4, 5-нэ нап.)*. *КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ящІащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2590